© Мухаддес Китапты аўдарыў Институты, 2004

# Юханның екинши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Юхан I әсирдиң ақырында бир исениўши жәмәәтке ямаса бир исениўши ҳаялдың хожалығына жазған.

Бул хатта да исениўшилер бир-бирин сүйиў кереклиги ҳәм жалған тәлийматлар ҳаққында қайта айтылады. Хат Жаңа Келисимдеги ең қысқа хатлардың бири.

### *Ҳақыйқат ҳәм сүйиспеншилик*

1 Мен, Юхан ақсақалдан, Қудай тәрепинен таңланған ханымға
ҳәм оның балаларына* сәлем! Мен сизлерди шын жүректен сүйе-
мен. Тек мен емес, ал ҳақыйқатты билгенлердиң ҳәммеси де сиз-
лерди сүйеди. 2 Себеби бизлерде ҳақыйқат бар ҳәм ол бизлер менен
мәңги бирге болады.
3 Әкемиз Қудайдан ҳәм Әкениң Улы Ийса Масихтан** келген
мийрим, рехим ҳәм тынышлық, бизлерде ҳақыйқатлық ҳәм сүйис-
пеншилик арқалы бирге болсын.

---

* **1:1** *Ханымға ҳәм оның балаларына* – Ийса Масихқа исениўши бир жәмәәт ҳәм сол жәмәәтке тийисли адамлар нәзерде тутылған болса керек.

** **1:3** *Масих* – еврей тилинде «Басына май қуйылған адам» дегенди аңлатады. Қудай ўәде еткен Қутқарыўшы.

4 Сениң балаларыңның арасындағы гейбиреўлериниң Әкемизден
алған буйрық бойынша ҳақыйқат жолы менен жүргенин билип, қат-
ты қуўандым. 5 Енди сеннен өтинемен, қымбатлы ханым, ҳәммемиз
бир-биримизди сүйейик. Мен саған жаңа буйрықты емес, бизлер
әўел бастан қабыл еткен буйрықты жазып атырман. 6 Сүйиспенши-
лик – бул Қудайдың буйрықлары бойынша жасаў. Әўел бастан
еситкениңиз сыяқлы, Оның буйрығы – сүйиспеншилик пенен жа-
саўдан ибарат.

7 Дүнья жүзинде Ийса Масихтың адам денесинде келгенин тән
алмайтуғын көплеген алдаўшылар пайда болды. Бундай адам – ал-
даўшы ҳәм Масихқа қарсы турыўшы. 8 Мийнетимиздиң жемисин
жойтпай, ылайықлы сыйлық алыўыңыз ушын өзлериңизге сақ бо-
лыңлар. 9 Масихтың тәлийматы менен жасамай, шектен шығып кет-
кен адамда Қудай жоқ. Оның тәлийматы менен жасайтуғын адамда
ҳәм Әке, ҳәм Ул бар. 10 Егер ким де ким сизлерге келип, бул тәлий-
матты әкелмесе, оны үйлериңизге қабыл алмаңлар, оған сәлем де
берменлер. 11 Өйткени оған сәлем берген адам оның жаман ислери-
не шерик болған болады.

12 Сизлерге жазатуғын көп нәрселерим бар, бирақ оларды қағаз
бетине сыя менен жазыўды қәлемеймен. Қуўанышымыз толы болыўы
ушын жаныңызға келип, жүзбе-жүз сөйлесемен деген үмиттемен.

13 Қудай таңлаған сиңлиңниң балалары* саған сәлем айтып атыр.

---

* 13 *Сиңлиңниң балалары* – Юхан болған жердеги жәмәәтке тийисли адамлар нәзерде тутылған болса керек.